

Sa n ap fè w sonje ki enpòtan osijè Chwa pwogram ELL ak plasman nan pwogram sa yo


- ◆ Yo dwe plase yon ELL nan yon pwogram TBE, yon pwogram nan de lang, oswa yon pwogram otònòm ESL, 10 jou apre yo enskri nan lekòl la.
- ◆ Rechèch montre ke elèv ki rete nan yon sèl pwogram tout tan rive atenn yon konpetans nan angle pi vit, epi yo travay pi byen lekòl pase elèv ki pase de yon pwogram a yon lòt.
- ◆ Si pwogram TBE ou chwazi a pa disponib nan lekòl pitit ou a, ou ka mande yon transfè nan yon lòt lekòl nan distri sa kote gen yon pwogram TBE ki disponib. Yo dwe fè tout ELL patisipe omwens nan yon pwogram ESL.
- ◆ Si w pa ranpli fòm Chwa pwogram ak Ankèt sou paran an, lekòl la pral plase pitit ou a otomatikman nan yon pwogram TBE si l disponib. Oson yo pral plase li nan yon pwogram ESL.
- ◆ Dèke pitit ou a pran yon nòt nan NYSESLAT a ki piwo pase nivo pèfòmans leta etabli a, li ka antre nan yon pwogram lekòl ki fèt sèlman ann angle. Pitit ou a ka kontinye resevwa sipò bileng oswa sipò ESL.
- ◆ Yo pral fè w konnen si pitit ou a kontinye gen dwa a sèvis sipò dapre nivo pèfòmans pitit ou a nan angle (dapre sa nòt li fè nan NYSESLAT a detèminen) anvan kòmansman chak nouvo ane lekòl.
- ◆ Yo bay ELL yo ki ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal yo sèvis dapre Plan edikasyon endividyèl *Individual Education Plans* (IEP) elèv.

Ou ka patisipe nan edikasyon pitit ou a jan sa yo :

- ◆ Asire w pitit ou a ale lekòl chak jou, byen pare pou aprann.
- ◆ Asire w pitit ou a li, pratike matyè lekòl yo, epi fini devwa yo ba l fè lekòl yo chak jou.
- ◆ Patisipe nan aktivite lekòl yo tankou vwayaj klas yo, reyinyon klas yo, ak reyinyon Asosyasyon pwofesè-paran *Parent Teacher Association* (PTA) ak Asosyasyon paran *Parent Association* (PA) yo.
- ◆ Asiste tout reyinyon pwofesè-paran yo.
- ◆ Asiste sesyon enfòmasyon ak reyinyon yo ke yo deziyen espesyalman pou pèmèt ou ede pitit ou a.
- ◆ Ede pitit ou a gen yon kat bibliyotèk e ale nan bibliyotèk souvan.
- ◆ Bay sèvis ou kòm volontè nan lekòl pitit ou a.
- ◆ Mete anplas yon anviwonman ki bay sipò pou aprann ak etidye.
- ◆ Li ansanm ak pitit ou a nan lang natifnatal ou a chak jou epi ankouraje l pou li 30 minit chak jou.

Pou plis enfòmasyon, ou ka

- ◆ Pale ak pwofesè pitit ou a, direktè lekòl la, koòdonatè paran an.
- ◆ Vizite tout Sant Èd pou aprantisaj nan rejyon yo *Regional Learning Support Centers*. Mande koòdonatè paran adrès ak nimewo telefòn sant ki pre ak ou a.
- ◆ Telefòn 311 pou jwenn adrès biwo rejyonal ki nan zòn ou a oswa biwo distri a epi al vizite l.
- ◆ Telefòn Biwo ELL yo nan (212) 374-6072.
- ◆ Vizite sit wèb Depatman Edikasyon an : www.nycenet.edu.



Vil Nouyòk Depatman Edikasyon

Joel I. Klein
Chanselye

Carmen Fariña
Chanselye adjwen
pou ansèyman ak aprantisaj

Maria Santos
Direktè siperyè pou ansèyman
Biwo pou Moun k ap aprann lang angle


Gid pou paran Moun k ap aprann lang angle



Depatman Edikasyon vil Nouyòk la

Biwo ELL

Haitian Creole



— Jeormen Carr (yon elèv klas 6yèm ane nan PS 137, Rejyon 5) fè desen sa a. Li fè logo "Bridges to Excellence" pou ane 2004 ki genyen Pri Konkou logo Moun k ap aprann lang angle English Language Learners (ELL) la.

Sa ki misyon nou :

Biwo Etidayn Lang Anglè (ELL) bay tout ELL ak fanmi yo aksè a yon edikasyon ki ekselan e pou sa li ranfòse save pèsonèl ki pral anseye yo, ankouraje patisipasyon paran yo e amelyore resous materyèl yo. Biwo a lite pou kreye yon bon anbyans pou aprann ki konsantre sou ranman eskolè, pwogrè nan lang ak devlopman sosyal, e sipò pou konprann yon lòt kilti.

Chè Paran oswa Gadyen legal :

Biwo ELL nan Depatman Edikasyon vil Nouyòk la *New York City Department of Education* (NYCDOE) vle pou pitit ou a gen siksè nan lekòl li. Se poutèt sa nou kontan anpil pou fè w konnen pwogram ki disponib yo pou nouvo elèv sa yo ki fèk enskri e ki pale yon lang natifnatal ki pa angle, epi ki ka bezwen èd pou yo vin konpetan nan angle nan lekòl nou yo. Nou rele elèv sa yo Moun k ap aprann lang angle, oswa ELL.

Pwogram pou ELL yo nan vil Nouyòk fè pliske akselere pwogrè nan lang angle. Avèk pliske 143 000 ELL nan lekòl nou yo ki reprezante 160 lang diferan, pwogram nou yo ale pi lwen pase aprantisaj lang lan pou ede elèv yo itilize tout potansyèl talan ak aptitud yo genyen nan lang natifnatal yo nan alfabetizasyon ak matyè lekòl yo kòm Syans ak Matematik. Pou ELL yo k ap briye akademikman nan lekòl nou yo, yo dwe rive atenn menm nòm eskolè rijid lavil ak leta yo pou klas yo ladan l menm jan ak elèv ki konpetan nan angle yo. Sa mande plis pase èd nan lang angle.

Nan vil Nouyòk, nou ofri pwogram bileng yo [Edikasyon bileng pwovizwa *Transitional Bilingual Education* (TBE) ak nan de lang *Dual Language*] ki ranfòse pwogrè elèv yo ap fè nan lang natifnatal yo e ki ede yo metrize matyè lekòl yo pandan y ap fè tranzisyon pou yo pran matyè sa yo nan lang angle. Nou bay tou pwogram Angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL) ki itilize estrateji pou ede elèv yo fè pwogrè nan nouvo lang lan ak nan matyè lekòl yo ann angle. Tout pwogram yo bay elèv yo sipò ESL ki nan nivo pèfòmans yo nan lang angle.

Kòm paran, ou jwe yon wòl kapital pou detèmine pwogram ki mache pibyen ak bezwen akademik e kiltirèl pitit ou a. N ap espere pou nou mete tèt nou ansanm pou pran desizyon sa yo e nou apresye patisipasyon w nan edikasyon pitit ou a. Mete w alèz pou rele koòdonatè paran yo ak anplwaye yo nan lekòl pitit ou a osijè pwogram ELL yo, oswa itilize enfòmasyon nan liv sa ki di w moun pou kontakte. Nou swete w oumenm ak pitit ou a yon bon ane ki pou pote anpil siksè.

Ak senserite,
Biwo ELL yo

Kesyon yo mande souvan osijè ELL yo

Kouman yon lekòl detèmine si pitit mwen an se yon moun k ap aprann lang angle?

Tout paran oswa gadyen legal elèv ki fèk enskri nan yon lekòl dwe ranpli fòm Ankèt "*Home Language Identification Survey* (HLIS)" pou detèmine lang yo pale nan anviwonman yo. Ankèt sa a fè anplwaye lekòl yo konnen pitit ou a pale yon lang ki pa angle. Si HLIS la endike ke pitit ou a itilize yon lang ki pa angle, y ap fè l pran yon tès Konpetans nan lang angle *English Language Proficiency Test* (ELPT) yo rele Tès modifiye sou konesans jeneral nan lang angle *Language Assessment Battery-Revised* (LAB-R). Jan pitit ou a fè tès sa a detèmine dwa pitit ou a pou sèvis ki pou ede l pwogrese nan lang angle. (Si rezilta LAB-R la montre pitit ou a se yon ELL e si se panyòl yo pale lakay li, li dwe pran tou yon tès panyòl pou yo sa detèmine nan ki lang li pi maton.)

Kiyès ki pral di m si pitit mwen an kalifye pou sèvis ki pou ede l pwogrese nan lang angle?

Lekòl yo responsab pou idantifye, anonse, e plase elèv yo nan pwogram ansèyman pou ELL yo.

Dèke yo fè m konnen ki dwa pitit mwen an genyen, kouman mwen ka genyen plis enfòmasyon osijè pwogram ak sèvis ELL yo?

Yo mande lekòl yo pou fè sesyon oryantasyon pou paran oswa gadyen ELL yo ki fèk enskri pou fè yo konnen diferan pwogram ELL ki disponib. Nan sesyon oryantasyon yo, ou pral gen posiblite pou resevwa dokiman sou pwogram ELL yo nan lang ou pale lakay ou, e pou mande kesyon sou sèvis ELL (ak lèd yon tradiktè, lè sa posib). Lè chak sesyon oryantasyon fini, anplwaye lekòl yo ranmase fòm Chwa pwogram ak Ankèt sou paran *Parent Survey and Program Selection Form*, ki endike pwogram ou mande pou pitit ou a.

Ki pwogram ELL ki disponib pou pitit mwen an?

- ◆ **Pwogram TBE** yo enkli ansèyman lang ak matyè nan lang natifnatal elèv la epi li enkli tou ansèyman entansif ESL. Pandan elèv la ap devlope konpetans li ann angle lè l ap itilize konesans avanse ak konpetans eskolè li genyen nan lang natifnatal la, yo ogmante ansèyman ann angle epi yo diminye ansèyman nan lang natifnatal la.
- ◆ **Pwogram nan de lang** yo fè mwaye nan klas yo anseye yo ann angle e lòt mwaye a nan lang natifnatal ELL yo ki nan pwogram la (sètadi panyòl, chinwa, kreyòl asyisyen). Yo anseye elèv yo ki pale yon lòt lang natifnatal ansanm ak elèv yo ki pale angle kòm kwa pou tout elèv yo kapab vin gen de kilti epi vin pale de lang kouramman.
- ◆ **Pwogram otònòm ESL yo** fè tout klas pou anseye lang ak matyè yo ann angle epi yo itilize estrateji ansèyman byen patikilye. Yo ka bay sipò nan lang natifnatal la.

Ki lè pitit mwen an pral soti nan pwogram ELL yo, epi pase nan klas ki fèt sèlman ann angle yo?

Lè pitit ou a pran yon nòt pou angle ki reprezante yon nivo konpetans rezonab nan Tès konesans ann angle kòm dezyèm lang Leta Nouyòk la *New York State English as a Second Language Achievement Test* (NYSESLAT), li kapab rantre nan yon pwogram kote yo anseye nan yon sèl lang. (Yo rekòmande elèv ki nan pwogram nan de lang yo pou yo rete nan pwogram la pou tan yo mete yo nan pwogram la.) Si pitit ou a janbe nan klas yon sèl lang ki fèt ann angle sèlman lè li fin maton nan angle, yo ka ba l sipò bileng oswa ESL otan l bezwen.